



Sante Bouch ak Pitit ou

Dan tibebe ak chanje dan
Dan pèmanan
Kisa ki bon pou manje epi sante bouch
Bon liyèn bouch
Maladi bouch ki pi kouran
Defòmasyon dan
Prevansyon nan chòk dantè
Dan yo ak pozisyon yo nan bouch la

Kouman yo itilize tiliv sa a

Youn nan moman ki enpòtan nan kwasans yon timoun se lè li ape chanje dan. Alèkile, timoun nan ape kòmanse vin endepandan e li ap pran konsyans li dwe pran swen dan l. Li enpòtan pou ou aprann timoun ou mesaj bon liyèn pou sante dan li nan peryod tranzisyon sa a, paske lè li fin chanje dan, dan li vin genyen yo li pap chanje yo anko.

Li rekòmande pou ou li tou le twa liv yo, menm si ou pa li yo ansanm yon sèl kou, paske lè ou li yo tout, ou ap konprann pi byen kijan ou ape ka ede fanmi'w pran swen dan yo.

Si ou te twouve tiliv sa a te itil ou, te mèt se yon ti monnen si ou bay li nan Global Child Dental Fund li ap ede timoun ki nan difikilte tout kote nan mond lan jwenn aksè a swen pou dan yo e mete yon souri nan figi yo.

2



global child dental fund


www.gcdfund.org



Ranplasman dan tibebe ak dan granmoun

Lè tibebe a kòmanse rive nan laj 2 zan, 3 zan, li ta sipoze genyen 20 dan nan bouch li: 10 dan anlè ak 10 dan anba. Gade chema #1. Dan tibebe yo tanporè. Yo ape rete nan bouch tibebe a jouk lè li kòmanse grandi. Dan ki ranplase dan tibebe yo, yo menm yo pèmanan e yo sipoze rete nan bouch timoun ou pou tout vi li. Paran yo dwe fè atansyon, rete vijilan e konte dan timoun yo paske sa ka rive li manke dan oubyen li gen dan an plis.

Chema #1: tablo dan tibebe yo



Fonksyon dan tibebe yo


- Yo la pou yo dirije lòt dan yo, ki yo menm ape fòm pa anba nan meyè pozisyon a.
- Yo la pou bouch la pa pèdi fòm li e konsa lap ka kontinye devlope pandan timoun lan ape grandi.
- Yo la pou timoun lan ka pale byen, pou li ka byen kraze ak vale sa li manje.
- Yo la pou timoun lan ka bèl, pou li gen yon bèl souri ansante.

Dan pèmanan

Lè timoun nan rive nan laj 5, 6 lane dan pèmanan yo kòmanse parèt nan dèyè bouch li. Dan sa yo se premye molè pèmanan yo. Pandan tan sa a, dan devan timoun lan kòmanse ap chanje. Tout 20 dan tibebe yo ape gen pou chanje. Gade chema #2.

Chema #2: tablo ranplasan dan bebe

Lè dan an "tonbe"



4


Pwosesis sa a sipoze kanpe lè timoun lan kòmanse gen 11, 12 lane. Nan estad sa a, ape gen plis dan ki prale pouse nan dèyè bouch timoun lan; dan sa yo se dezyèm molè pèmanan yo. Dan zòrèy yo (ki yo menm se twazyèm molè yo) yo vini a yon laj ki varye, yo plis vini lè timoun lan gen 17 lane, menm jan li konn pa soti ditou.

Li enpòtan ke ou sonje ke premye molè yo pouse anvan ankenn dan tibebe tonbe e ke pafwa paran yo pa rann yo kont de sa. Premye molè yo se dan ki enpòtan anpil, men yo siseptib pou yo gen kari pandan yo ape pouse a. Fòk yo bwose yo, pran swen yo kou yo kòmanse parèt.



Fòk timoun yo ale kay dantis nòmalmman sitou lè premye molè yo kòmanse parèt nan bouch yo. Sa ka anpeche dan sa yo gen kari dantè bonè. Fòk yo ale chak 6 mwa men sa ka rive randevou yo fixe chak 3 oubyen 4 mwa. Mande dantis la chak kilè timoun ou dwe vini nan randevou. Fòk nou sonje ke dan sa yo enpòtan nan fè espas pou lòt dan pèmanan yo. Gen 32 dan pèmanan, 16 dan anwo epi 16 dan anba. Gade chema #3.

Chema #3: tablo dan pèmanan



Kisa ki bon pou manje epi sante dan

Li evidan timoun la prale manje sa fanmi li manje ak sa kilti peyi li ofri li kòm manje tou. Fòk ou ankouraje timoun lan manje ekilibre ak enteval nan mitan repa yo.

Yon manje ekilibre konpoze de yon varyete de pwodwi ki ap aji sou nitrasyon timoun lan e ki ape favorize kwasans ak devlopman timoun ou. A laj sa a, ou pa dwe anpeche timoun lan manje jan li vle, men ou dwe aprann li pito ke li dwe manje sa ki bon pou li, kijan li dwe chwazi kantite manje ki bon pou li ak ke fòk gen yon ti tan ki pase anvan li manje ankò.



- Manje ki bon pou la sante se fwi, legim, sereyal: tankou ble mayi diri ak pen, vyann, pwason, ze ak pwa.
- Manje yon kantite limite de bagay dous e fè sa sèlman nan lè manje.
- Evite bwason ki dous, oubyen ki asid. Bay dlo osinon lèt nan lè manje yo.
- Eseye manje plis fwi pase nou bwè ji a pou nou ka pran kantite fwi ou dwe pran nan yon jounen.
- Evite manje fwi ki seche, tankou rezen sèch paske yo gen anpil sik.

Lijyèn bouch kay timoun

Paran yo dwe ankouraje timoun yo pou yo fè liyèn nan bouch depi lè yo fin manje le maten jouk lè yo prale monte kabann yo pou yo dòmi. Jiskaske timoun lan gen 7 lane, se granmoun ki responsab li a ki pou bwose dan li paske li poko ka fè li poukont li. Lè timoun lan vini gen 7 lane, li ka kòmanse bwose dan li poukont li, pandan granmoun li ap siveye li. Kou timoun lan gen 10 lane, li pap bezwen siveyans ankò.

Pat pou timoun lan bwose a toujou dwe gen fliyò ladann: sa ape diminye posibilite pou dan li gate. Apati de moman kote timoun lan ka krache, gwochè pat la sou bwòs la dwe gwochè yon grenn pwa (0.3 gram).

Kantite pat timoun lan dwe sèvi

- si timoun lan poko ka krache, li ap gwochè yon grenn diri (0.1 gram)
- si timoun lan ka krache, li ap gwochè yon grenn pwa (0.3 gram).



8

Itilizasyon fil dantè enpòtan kote dan yo kole anpil prèske monte youn sou lòt. Lè ou ape itilize li ou dwe kontwole mouvman ou ap fè yo e fòk gen yon granmoun ki ap veve je lè timoun lan ape sèvi ak li. Ou dwe aprann timoun ou tou pou li bwose lang li tou.

Timoun ka itilize dlo bouch (rens bouch) apati 6 lane, paske a laj sa a gen mwens chans pou timoun nan vale li.

Meyè fason pou timoun aprann se lè li wè lot moun ape fè sa yo mande li a. Lè ou bwose devan timoun lan li ape pran konsyans li dwe fè sa tou chak jou e ke se yon bagay enpòtan pou liyèn kò li menm jan li sipoze benyen.

Maladi ki konn rive nan bouch timoun yo

Kari dantè ak maladi jansiv se de maladi ki konn rive a nenpòt ki laj. Men li pi bon lè ou fè prevansyon pase ou ale nan geri maladi.

Li posib pou ou korije direksyon dan yo ape pran nan bouch la lè ou fè terapi ak yon seri de egzèsis, oubyen lè yo mete yon aparèy fiks oubyen mobil sou dan yo.

Move alèn (move zodè nan bouch) kay timoun rive paske nen yo ap koule oubyen paske yo pa bwose lang yo.


Sa konn rive ke dan yo efrite, yo ewode sa rive san pa gen ankenn bakteri ki atake dan an. Sa rive lè dan an antre an kontak ak asid ou ka twouve nan manje, nan bwason, nan medikaman, lè moun nan vomi anpil oubyen li konn gen dlo si sou lestomak li ki monte nan bouch li. Lè pa gen anpil saliv ki fèt nan bouch la oubyen saliv la paka diminye asid nan bouch la sa ka agrave sitiyasyon an e ou ka asosye sa a move abitud tankou lè moun nan ap manje dan ki li menm fè gen plis nan dan an ki pèdi.

Gen lòt maladi ki mwen kouran ki konn rive nan bouch, tankou lè gen mwens saliv ki pwodwi nan bouch la, lè gen ilsè ki fòme nan bouch la, èpès, candidoz, kansè nan bouch ak emanjyom. Se pou sa li enpòtan pou ou vizite dantis la de fason regilye. E antan ke granmoun responsab ou dwe veye sa ki ape pase nan bouch pitit ou tou.

Gen sendwòm ak lot maladi ki afekte kò a ki deranje moman kote dan yo ta sipoze parèt la oubyen nan lòd yo sipoze parèt la, yo ka menm favorize prezans maladi nan bouch. Se konsa dyabèt ape ogmante chans pou yon moun gen maladi jansiv; menm jan yon moun ki gen maladi jansiv sa ka deranje kontwòl dyabèt li.

Yon lòt ka nou ka konsidere, se ka moun ki respire nan bouch yo e ki pa respire pa nen yo. Lè ou respire nan bouch ou, sa diminye pwodiksyon saliv nan bouch ou kidonk ogmante chans pou ou gen kari dantè ak maladi jansiv. Sa deranje tou fòm zo kote dan yo ape chita a ak pozisyon kou ak tèt moun lan.

*Dantis lan ape
kapab pwoteje ak
korije dan sa yo.*



Dan ki difòm

Dan ki difòm se yon bagay ki rive souvan, lè konsa li konn bay pwoblèm nan estetik ak fonksyon dan yo. Sa rive sitou lè gen pwoblèm nan nitrasyon, maladi, enfeksyon oubyen lè timoun lan jwenn twòp flyo pandan dan yo te ape fòmè. Dantis lan ape kapab pwoteje ak korije dan sa yo.



Prevansyon aksidan ki konn rive dan timoun yo

Natirèlman timoun lan ape toujou anvi ale jwe, eksplòre, ak antre an kontak ak lot timoun parèy li yo. Sa konn rive yo konn fè ti aksidan kote bouch yo enplike.

A pati de kote timoun lan gen 4 lane, dantis mande pou timoun yo mete pwoteksyon pou bouch yo nan spò kote gen anpil kontak, tankou: jido, baskèt osinon foutbòl. Pwoteksyon pou timoun lan se dantis la ki dwe fè li nan mezi bouch timoun lan, se pa nan makèt pou nou achte li. Kote timoun yo ape jwe yo sipoze konstwi nan nòm kote gen pwoteksyon nan ka aksidan, tankou mete eponj espesyal atè a kote timoun lan ka tonbe.

Dan ak pozisyon dan yo sou zo yo chita sou li a

Bouch timoun lan sipoze ede li vale, kraze manje, pale ak respire pa nen li san pwoblèm. Nenpòt alterasyon nan kwasans oubyen devlopman pitit ou dwe korije menm kote a. Sa valab pou nenpòt alterasyon nan bouch ak figi pitit ou.

Espesyalis nan plizyè branch lasante ka okipe menm pasyan an, e konbine efò yo tankou dantis, otolarenngolog, moun ki fè terapi pou moun pale ak santi yo pi byen. Otodontis yo menm, yo ka aliyen dan yo ak aparèy fiks oubyen mobil.

Referans

Tablo 1 ak 2: JADA, Vol. 136 www.ada.org/goto/jada novanm 2005

Tablo 3: JADA, Vol. 137 <http://jada.ada.org> janvyè 2006

Lòt tiliv nan seri sa a:

Sante Bouch ak Gwosès ou
Vizite dantis ou pandan gwosès ou
Pwoblèm sante nan bouch ki konn rive
lè fanm ansent
Ti konsèy sou sante bouch

Sante Bouch ak Bebe ou
Bay tete Bibwon Itilizasyon tetin
Fè dan ak premye vizit kay dantis
Kisa ki bon pou manje ak dan tibebe
Lijyen nan bouch
Maladi bouch ki pi kouran
Prevansyon nan chòk dantè

Otè ti tiliv yo (soti agoch rive adwat)



Dóris Rocha Ruiz DDS, MSc
Sônia Groisman DDS, MSc, PhD
Valerie Wordley BDS
Raman Bedi BDS, MSc, DDS, FDSRCS(Ed),
FDSRCS(Eng), FGDP, FFPH, Doctor of Science
(Univ. Bristol), Doctor of Humane Letters
(AT Still Univ., Arizona)



Si ou te twouve tiliv sa a te itil ou, te mèt se yon ti monnen si ou bay li nan Global Child Dental Fund li ap ede timoun ki nan difikilte tout kote nan mond lan jwenn aksè a swen pou dan yo e mete yon souri nan figi yo.



global child dental fund

Imèl: info@gcdfund.org **Vizite:** www.gcdfund.org

Global Child Dental Fund, Rooms 329-331, 26-29 Drury Lane,
Lond WC2B 5RL Wayòm Ini
Nimewo anrejistreman charite: 1125850 (Angletè & Peyi Gal)